**दिन—सोमवार** **दिनांक—03.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभा आ राज्यसभा मे राष्ट्रपति के अभिभाषण जारी अछि। भारतीय जनता पार्टीक किरण चौधरी चर्चा के शुरू करैत कहलनि जे सरकार किसान सभक आमदनी दुगुना करबाक लेल महत्वपूर्ण डेग उठौलक अछि। भाजपा सदस्य कहलनि जे विपक्ष सरकारक विरूद्ध कृषि क्षेत्रक लेल कयल गेल काज के लऽकऽ भ्रामक अभियान चला रहल अछि। ओ कहलनि जे यूपीए सरकार डॉक्टर स्वामीनाथन समिति के अनुशंसा के अनदेखा कऽ देलक अछि। ओ आगां कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे सरकार किसान लोकनि के हुनक उपज के लेल बेसी आमदनी सुनिश्चित करबाक लेल कतेको उपाय कयलक अछि। ओ इहो कहलनि जे सही अर्थ मे देश एखन विकसित भारतक दिस बढ़ि रहल अछि।

---

केन्द्रीय बजट दू हजार पच्चीस—छब्बीस मे बिहारक रेलवे क्षेत्र के पैघ आवंटन कयल गेल। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव नव दिल्ली मे एक संवाददाता सम्मेलन मे आइ कहलनि जे बिहार के दस हजार छियासठि करोड़ सँ बेसी के धन राशि के आवंटन कयल गेल अछि। एहि सँ राज्य मे रेल इंफ्रास्ट्रक्चर आ विकास परियोजना सभ मे तेजी आओत। दस वर्ष पहिने रेलवे के देल गेल आवंटन सँ ई धन राशि नओ गुणा बेसी अछि। पूर्व मध्य रेलवे के महाप्रबंधनक छत्रसाल सिंह जनौलनि जे एहि धनराशि सँ बिहार मे रेलवे के दोहरीकरण, विद्युतीकरण आ रेलवे स्टेशनक विकासक मे मददि भेटत। श्री वैष्णव कहलनि जे राज्य मे अमृत भारत स्टेशन सहित कतेको नव परियोजना पर काज भऽ रहल अछि। केन्द्र सरकारक मददि सँ बिहारक रेल ग्रोथ इंजन के रूप मे विकसित भऽ रहल अछि। पूर्व मध्य रेलवे के मुख्य जनसंपर्क अधिकारी सरस्वती चंद्र जनौलनि जे राज्य मे अंठानवे अमृत भारत स्टेशनक निर्माण भऽ रहल अछि जे भविष्य मे नव आर्थिक केन्द्रक रूप मे विकसित होयत।

---

वाणिज्य कर विभागक टीम पटना सहित चारि जिला मे दस भिन्न–भिन्न व्यावसायिक प्रतिष्ठान सभ पर छापामारी कयलक। एहि दरमियान अढाई करोड़ के अवैध समान सेहो जब्त कयल गेल अछि। ई कार्रवाई वाणिज्य कर विभागक सचिव सह आयुक्त संजय कुमार सिंह के निर्देश पर फराक–फराक टीम द्वारा कयल गेल। ई टीम पटना मे पांच, गया मे तीन आ दरभंगा तथा जहानाबाद मे एक–एक व्यावसायिक प्रतिष्ठान सभ पर छापामारी कयलक।

———————————————————

बसंत पंचमी मे पावनि आइ मिथिलांचल सहित प्रदेश भरि मे धार्मिक श्रद्धा आ आस्था के संग पारंपरिक रूप सँ हर्षोल्लासक वातावरण मे मनाओल जा रहल अछि। माघ शुक्ल पंचमी के एहि दिन ज्ञान, विवेक, कला आ संगीतक देवी सरस्वती के उपासना करबाक दिन अछि। सरस्वती पूजाक अवसर पर विद्यालय, महाविद्यालय आ शैक्षणिक संस्थान सभ मे माँ सरस्वती के प्रतिमा स्थापित कऽ हुनक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। एहि पावनि के लऽकऽ स्कूली बच्चा सभ मे विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। माँ सरस्वती के प्रतिमाक संग विभिन्न पंडाल सभ के सेहो आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। सभ दिस भक्तिमय वातावरण बनल अछि।

———————————————————

बसंत पंचमी के अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव प्रदेशवासी लोकनि के शुभकामना देलनि अछि। ओतहि एहि दरमियान सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। पटनाक एस.एस.पी अवकाश कुमार जनौलनि जे पूजा के लऽकऽ स्थानीय थाना सभ के सर्तक कऽ देल गेल अछि। संगहि, प्रमुख स्थान सभ पर पुलिस बलक तैनाती कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे राजधानी पटना मे स्थानीय पुलिसक अलावे रैफ के एक आ बिहार सशस्त्र पुलिसक पांच कंपनी के प्रतिनियुक्ति कयल गेल अछि। श्री कुमार कहलनि जे विसर्जन के दरमियान जुलुस निकालबा पर आ डीजे बजेबा पर प्रतिबंध रहत।

———————————————————

बसंत के आगमनक संगहि प्रदेश मे बेसी ठाम न्यूनतम आ उच्चतम तापमान मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। एहि सँ लोक सभ के किछु राहत भेटल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार राज्य न्यूनतम तापमान मे एक सँ दू डिग्री सेल्सियस के वृद्धि भेल अछि। ओतहि उच्चतम तापमान सेहो पच्चीस सँ तीस डिग्री सेल्सियस धरि पहुंचि गेल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के वैज्ञानिक जनौलनि जे आठ फरवरी के पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक मौसम मे परिवर्तन हेबाक संभावना अछि।

————————————————————————————

दरभंगा क्षेत्र मे निर्यात बंधु योजनाक अंतर्गत ई कामर्स के प्रोत्साहन देबाक लेल आइ विदेश व्यापार महानिदेशालय आ निर्यात संवर्धन संघ के संग दरभंगा प्रमंडल के आयुक्त मनीष कुमार बैसक कयलनि। बैसक के दरमियान मिथिलांचन क्षेत्रक उत्पाद, मधुबनी पेंटिंग, जैविक उत्पाद, मखान, हस्त शिल्प के उत्पाद निर्यात के बढ़ावा देबा पर चर्चा भेल। एहि लेल एक्सपोर्ट हब बनेबा पर सेहो विचार विमर्श कयल गेल।

————————————————————————————

भारतीस क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड–बीसीसीआई अंडर–नाइनटीन आईसीसी महिला टी–ट्वेटी विश्वकप के खिताब लगातार दोसर बेर जीताबा पर टीम के पांच करोड़ टाकाक नकद पुरस्कार देबाक घोषणा कयलक अछि।

————————————————————————————

समाप्त